**दिन–रविवार** **दिनांक–12.05.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आओर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ सँ दू दिवसीय बिहार दौरा पर छथि। श्री मोदी ई दौराक पहिल दिन आइ सांझ साढे छओ बजे सँ राजधानी पटना मे रोड–शो करताह। रोड–शो मे प्रधानमंत्रीक संग मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, पटना साहिब सँ भाजपा उम्मीदवार रविशंकर प्रसाद आओर पाटलिपुत्र सँ भाजपा उम्मीदवार रामकृपाल यादव सहित कतेको गणमान्य लोकसभ रहताह। प्रधानमंत्रीक यात्रा भट्‌टाचार्य रोड सँ शुरू भऽकऽ गाँधी मैदानक उद्योग भवन लऽग समाप्त होयत। प्रधानमंत्री रोड–शो के लऽकऽ लोकसभ मे भारी उत्साह देखल जा रहल अछि। श्री मोदीक यात्रा के लऽकऽ सुरक्षा कड़गर कऽ देल गेल अछि। ओतहि, पटनाक यातायात व्यवस्था मे सेहो बदलि कयल गेल अछि। बेलीरोड पर आम वाहनक आवाजाही रोकि देल गेल अछि, जखनकि आनो–आन मार्ग पर आंशिक रूप सँ आवाजाही के रोकल गेल अछि। प्रधानमंत्री पटना मे रात्रि विश्राम करताह आओर काल्हि भोर पटना साहिबक तख्त श्री हरिमंदिर साहिब मे मत्था टेकताह। एकर बाद श्री मोदी हाजीपुर, सारण आओर मुजफ्फरपुर मे एन.डी.ए उम्मीदवार सभक समर्थन मे जनसभा के सम्बोधित करताह।

---

प्रधानमंत्रीक रोड–शो के लऽकऽ पटना जंक्शन सँ रेलगाड़ीक परिचालन मे बदलि कयल गेल अछि। भेटल जनतबक अनुसार दू दर्जन सँ बेसी रेलगाड़ी दूपहर दू बजे सँ राति दस बजे धरि पटना जंक्शन पर नहिं रूकत। रेलवे जनौलक अछि जे तेजस राजधानी, सम्पूर्ण क्रांति एक्सप्रेस, पटना–वाराणसी–काशी इंटरसिटी ट्रेन सहित पटना जंक्शन सँ खुजयबला रेलगाड़ी के आइ दानापुर रेलवे स्टेशन सँ खोलल जायत।

---

लोकसभा चुनावक चारिम चरण मे काल्हि पाँच संसदीय क्षेत्र–मुंगेर, बेगूसराय, समस्तीपुर, उजियारपुर आओर दरभंगा मे भोर सात बजे सँ सांझ छओ बजे धरि भोट खसाओल जायत। ई सभ क्षेत्र मे पंचानवे लाख तिरासी हजार सँ बेसी मतदातासभ भोट खसौताह। ई चरण मे दू केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह आओर नित्यानन्द राय सहित पचपन उम्मीदवार सभ चुनावी मैदान मे छथि। एहि मे चारि महिला उम्मीदवार सेहो छथि। बेगूसराय संसदीय क्षेत्र सँ गिरिराज सिंहक मोकाबला सी.पी.आई.क अवधेश राय सँ अछि, जखनकि उजियारपुर सँ नित्यानन्द रायक टक्कर राजदक आलोक मेहता सँ अछि। मुंगेर सँ जदयूक पूर्व अध्यक्ष राजीव रंजन उर्फ ललन सिंहक प्रतिष्ठा सेहो दाव पर अछि। हुनक मोकाबिला राजदक कुमारी अनिता सँ अछि, जे पहिल बेर चुनाव लड़ि रहल छथि। समस्तीपुर लोकसभा क्षे्त्र मे लोक जनशक्ति पार्टी रामविलासक शाम्भवी चौधरी आओर कांग्रेसक सन्नी हजारी आमने–सामने छथि। ओतहि, दरभंगा सँ भाजपाक गोपालजी ठाकुरक मोकाबिला राजदक ललित यादवक संग अछि।

———————————————————————

लोकसभा चुनाव विभिन्न चरण लेल फराक–फराक राजनीतिक दलक नेता आओर स्टार प्रचारक सभ जनसभा कऽ रहल छथि। जदयूक वरिष्ठ नेता आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ सारण मे एनडीए उम्मीदवार राजीव प्रताप रूडी के जीतेबाक लेल चुनावी सभा कयलनि। श्री कुमार गोपालगंज संसदीय क्षेत्र सँ उम्मीदवार आलोक कुमार सुमनक समर्थन मे सेहो चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। ओतहि, उपमुख्यमंत्री आओर भाजपा प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी पूर्वी चंपारण जिलाक घोड़सहन मे शिवहर संसदीय क्षेत्र सँ उम्मीदवार लवली आनन्द के जीतेबाक लेल जनसभा कयलनि। श्री चौधरी इंडी गठबंधन पर सनातन धर्म के मिटेबाक आरोप लगौलनि अछि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ सीतामढ़ी मे अर्जुन राय आओर मधुबनी मे अली अशरम फातमी के जीतेबाक लेल चुनावी सभा कयलनि।

———————————————————————

बिहार विद्यालय परीक्षा समिति माध्यमिक शिक्षक पात्रता परीक्षा एस.टी.ई.टी परीक्षा कार्यक्रम जारी कऽ देलक अछि। समितिक अध्यक्ष आनन्द किशोर जनौलनि अछि जे एस.टी.ई. टी. दू हजार चौबीसक पेपर–वन क विभिन्न विषयक परीक्षा अठारह सँ उनतीस मई धरि होयत। ओतहि, पेपर–टू परीक्षा एगारह सँ बीस जून धरि होयत।

———————————————————————————

प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे बारिश भऽ सकैत अछि। हमर संवाददाता जनौलनि अछि जे अररिया, मधुबनी सहित लऽग–पासक कतेको जिला मे हल्लूक सँ मध्यम बारिश भेल अछि। मधुबनी मे झमाझम बारिश सँ कतेको क्षेत्र मे पानि लागि गेल अछि। ओतहि, अररिया जिला मे तेज हवाक संग भेल बारिश सँ लोकसभ के गर्मी सँ राहत भेटल अछि। एम्हर, मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक बीच राज्यक उत्तर–पूर्व सहित कतेको जिला मे बारिश आओर ठनका खसय के लऽकऽ अलर्ट जारी कयलक गेल अछि। एहि बीच पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, दरभंगा, सूपौल, मधेपुरा, सहरसा आओर कटिहार जिला मे कतेको ठाम हल्लूक सँ मध्यम बारिश भऽ सकैत अछि। एहि बीच अन्हर–विहारि सेहो चलि सकैत अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।